ISSN 0207-6551

# Нур

4
2019
6+



МЫ ЖУРНАЛЫМ «ДАМЭ» ТЕТЩ.
АР УЭГУМ ИТ БЗУМ, БЖЬЭ ЦIЫКIУМ,
КХЪУХЬЛЪАТЭМ ЯЩIЫГЪУЩ.
– СЫТ ЩХЬЭКIЭ?
- МЫ МАЗЭРАЩ ЯПЭ ДЫДЭУ ХЬЭРШЫМ ЦIЫХУ ЩЫЛЪЭТАР.
- БЗУМ Я МАХУЭШХУЭР ЗЫХИУБЫДЭР МЭЛЫЖЬЫХЬЫРЩ.
- БЖЬЭХЭР ГЪЭГЪАМ ЙОПЩI...





## МАЗЭ

Ар уэздыгъэу
Памыгъанэ,
Гъубжэ цIыкIуу
Къэгъэшауэ
Езы цIыкIур
Къытхуоунэху!
Хохъуэ,
ЛъэкIи къимыгъанэ,
Нэхъ ин мэхъур –
Мэхъу хъурей
ЖэщкIэ нуру
Къытхуонэху!
Феплъыт,
феплъыт,
Ит мэлыхъуэ?
Ит мэлыхъуэм
И сурэт?
ЩIэфу щынэ,
Мэл къэфлъыхъуэ,
Хъунщ флъагъункIэ –
ЗыщIэр хэт?!
КIуэм-кIуэм-кIуэурэ
ЦIыкIу мэхъужри,
Бгъуэтмэ, къащтэ –
Мэбзэхыж.
КIуэм-кIуэм-кIуэурэ
Къоунэхужри,
Жэщ гуфIакIэм
Къыдохуж!

## ЛЪАТЭ, ЛЪАТЭ

Лъатэ, лъатэ,
Си кхъухьлъатэ,
Уэгум лъагэу
ЗыщыIэт.
Пшэм и щIыIукIи
Щызелъатэ,
Вагъуэ цIыкIуу
Пхырылъэт.
Урикъухукlэ
Къэлъэтыхьи –
Сыножьэнущ,
КъэтIысыж.
Ди Хэкушхуэм
Щыплъэгъуахэм
Я хъыбари
Къысхуэхьыж!



## АФIЭУНЭ ЛИУАН



### ПЦIАЩХЪУЭ

ПцIащхъуэм и кIэр дыкъуакъуэщ,
И фэр щIакIуэу фIыцIабзэщ,
И бгъэгу цIыкIур хужьыбзэщ,
Уа-рэ, уэ-ри-ра!
Бжэ къеуIуи хэмыту,
Къытхуэгушхуэ зэпыту,
КъыщIолъатэ ди унэм,
Уа-рэ, уэ-ри-ра!
Къехьыр ятIэ, хьэуазэ,
Мазэ ныкъуэу блынджабэм
ЩещI псэупIэ – унапIэ,
Уа-рэ, уэ-ри-ра!

### БЖЬЭ

ТIинэ, ТIинэ,
Бжьэ пэтIинэ,
ТIинэ, ТIинэ –
Лэжьэрей.
Уи фоулъэм
КъищIти пIинэ,
ЩIихуащ дадэ
Фо куэдIей.
ТIинэ, ТIинэ,
Сэ фо сшхымэ,
Нэхъ узыншэу
Сыкъэхъунщ.
Удзхэр гъуэжрэ
ЩIыIэ хъумэ,
Фошыгъу IэфIи
Уэзгъэшхынщ!





### ХЬЭЛЭЛЫГЪЭ

СиIэщ сэ кхъухьлъатэ
Уэгум щызелъатэу.
СиIэщ хьэрэкIытIэ,
СиIэщ вертолет.
СиIэщ сэ топ Iэджэ,
Псори зэмыфэгъуу,
Узэхъуапсэр къащтэ,
Сэ ар уэ узот.
Ущымыт, къэпхъуатэ,
Си къуэш цIыкIу, ХьэпIотI!

### ЩIЫЛЪЭМРЭ УАФЭМРЭ

ЩIылъэр мэкIэрахъуэ,
ЩIылъэр мэджэрэз.
ЩIылъэм и кIэдахъуэм
ХъугъуэфIыгъуэр изщ!
Дыгъэр, мазэр, вагъуэр
Я псэ емыблэж.
Дунейр ягъэбжьыфIэ,
ЩIылъэм хузэблож!
Уафэм и Iэр гуапэу
ЩIылъэм къылъоIэс.
Уэшх къыхурегъэшхыр,
Уэс къыхурегъэс!
Уафэм къыIэпыхур
ЩIылъэм къепхъуэтэж.
А тIур зэхуогушхуэ,
Зым зыр егъэпэж!
А тIур зэдобауэ,
А тIур зэгъунэгъущ.
Уафэр щIым и жьауэщ,
Уафэм щIыр и жьэгущ!

# ЗЭХЬЭЗЭХУЭР МЭУНЭ, ЗЭХЬЭЗЭХУЭМ ЗАУЖЬ!





Гъатхэпэм и 14-м, «Советская молодежь» газетым и ныбжьыр илъэс 80 щрикъум ирихьэлIэу, абы и лэжьакIуэхэмрэ ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэкIэ щыIэ фондымрэ къызэрагъэпэщри, «Берега дружбы КБР» – усэ къеджэнымкIэ, тхыгъэ зэдзэкIынымкIэ зэхьэзэхуэ ди республикэм щрагъэкIуэкIащ. Мыпхуэдэ фестивалым иIэщ гъэсэныгъэ-ущииныгъэ мыхьэнэ. Республикэм и щIыхьыр екIуу яхъумэу, зэпеуэм я зэфIэкIхэр къыщагъэлъэгъуащ ныбжьыщIэ 400-м щIигъум, Мэзло Элинэ я нэхъыщIэу (илъэсищ). Зэхьэзэхуэм хэтахэр гъэхуауэ усэ къеджащ, рассказ, таурыхъ пычыгъуэхэр жаIащ, сурэт ящIащ, я щIэныгъэ-къэхутакIуэ лэжьыгъэхэр ягъэлъэгъуащ.

«Берега дружбы КБР» зэхьэзэхуэм ехъулIэныгъэ щызиIахэр мыгувэу къэралпсо зэпеуэм хэтынущ. Абыи текIуэныгъэ къыщахьыну дащогугъ!

***КIУРАШЫН Фатимэ***

Бахъсэн куейм культурэмкIэ и Уардэунэм щрагъэкIуэкIащ сурэт щIынымкIэ, тхыгъэ зэхэлъхьэнымкIэ зэпеуэ. Абы хэтащ ХьэтIохъущыкъуей, Кременчуг-Константиновкэ, Бахъсэнёнок, Чыщпэч, ПсыкIэху курыт еджапIэхэм я еджакIуэхэр.

Бахъсэн щIыналъэ библиотекэ нэхъыщхьэм и унафэщI **Нэгъуей Радимэ,** методист **ЛIыгуащIэ Эльвирэ,** «Нур» сабий журналым и лэжьакIуэхэу редактор **Хьэту Пётр,** сурэтыщI **Хьэлилэ Миланэ** сымэ еджащ, еплъащ еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэм, къапщытащ.

Зэпеуэр ехьэлIауэ щытащ «Хэкум и хъумакIуэ», «Дунейр зэтезыIыгъэр – лъагъуныгъэрщ», «Анэмрэ бынымрэ» – темэхэм. Хуумыгъэфэщэну гупсысэ куу, псалъэ шэрыуэ, гумрэ псэмрэ къыбгъэдэкI хуабагъэ дэтхэнэ жанрми хэплъагъуэрт. УигъэгуфIэрт еджакIуэхэм гупсысэ хьэлэмэт, акъыл жан зэрабгъэдэлъым.

Тхыгъэ зэхэлъхьэнымкIэ зэхьэзэхуэм хэта ныбжьыщIэ 37-м щыщу 19-м увыпIэ зэхуэмыдэхэр яубыдащ. Сурэт зыщIа сабий 42-м щыщу гулъытэншэу зыри къагъэнакъым къэпщытакIуэхэм.

Зэхьэзэхуахэм ди гуапэу дохъуэхъу ехъулIэныгъэ яIэу, я адэ-анэ, я егъэджакIуэ ягъэгуфIэу я хъуэпсапIэ щыгум нэсыну.

***ЗЭГЪЭЩТОКЪУЭ Людэ,***
*культурэмкIэ Уардэунэм и методист*





**ВОСКОБОЙНИКОВ Валерий**

# ГАГАРИН И ГУФІЭКІЭР

*Хьэршыр цIыхум къызэригъэIурыщIам уи щхьэр лъагэу уегъэIэт. А Iуэхугъуэ дахэм и гугъу сабийм яхуэтщIыну зэи кIасэкъым. Сыт и уасэ* ***ГАГАРИН Юрэ*** *хьэрэкIытIэм ису хьэршым зэрылъэтам и гугъу зыхуэтщI сабийм ар зэригъэщIагъуэм укIэлъыплъыну!*

Дуней псом япэ дыдэу хьэршым лъэта Юрэ зэрысабийрэ тхылъымпIэм къыхэщIыкIа кхъухьлъатэхэр иутIыпщыну фIэфIт. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт: егъэджакIуэр классым къыщIохьэ, абы кхъухьлъатэ цIыкIухэм къыщалъэтыхь!..

– Хэт иджы къуейщIейр? – щIоупщIэ егъэджакIуэр.

ГуфIэгъуэр и нэгум къищу, сытым дежи къуейщIейр ещанэ классым щIэс Гагарин цIыкIурщ.

– Е-е-й, Юрэ, Юрэ, дапщэщ уэ балигъ ущыхъунур?! – и щхьэр егъэкIэрахъуэ егъэджакIуэм, мо нурыр къызыIурих сабийм емышхыдэфу.

Зэгуэр абы я еджапIэм къэкIуащ къэпщытакIуэ ябгэ гуэр. Ар а махуэм гукъыдэмыжт, губжьат, упэщIэхуэнкIэ Iэмал иIэтэкъым. Ар пщIантIэм къыдэзышэхэр уафэмкIэ щыдэплъейм, абы къелъагъу еджапIэ щхьэгъубжэм къыдэлъэтауэ къех кхъухьлъатэр.

– Мыр сыт хьэдэгъуэдахэ! – къогубжь. – Еджэным ипIэкIэ, тхылъымпIэ ягъэлъатэри зэхэсщ!

Кхъухьлъатэр хьэуам щыуфэразэурэ, къэпщытакIуэ ткIийм и пыIэм къыщытетIысхьэм, еджапIэ пщIантIэм сабийуэ дэтыр дыхьэшхащ, ауан къащIащ. Абдеж инспекторыр къызэкIуэкIащ:

– Ар зыщIари, абы кIэлъымыплъа егъэджакIуэри щIэхун хуейщ еджапIэм!

Iуэхур зэхигъэкIыну къэпщытакIуэ къызэщIэнар еджапIэм щIохьэ.

ХъумакIуэ лIыжьырат япэу къыIущIари, абы телъащ. Модрейми:

– Гагарин хъунщ ар зыщIар. НэгъуэщIым хэт… ФIыуэ кхъухьлъатэ егъэгъэлъатэ, нэгъуэщI зыми и пэрмэнкъым ар, – жеIэ.

Сабийр зыщIэс классым кIуэну, дэкIуеипIэм щыдэкIуейм, къэпщытакIуэм къыхуэзащ зы щIалэ къабзэ цIыкIу. Ар апхуэдизкIэ гухэхъуэу, дахэу къыхуэгуфIэрти, мо цIыху ткIийм, и губжьыр напIэзыпIэм щхьэщыкIри, щхьэхуимыту абы хуэгуфIащ.

– Гагарин Юрий жыхуаIэр здэщыIэр къызжепIэн, си ныбжьэгъу цIыкIу?

– Сэращ ар, – нэхъри и Iупэр зэтежащ сабий нэкIухум. – Кхъухьлъатэри сэращ зейр. КхъыIэ, къысхуэгъэгъу, сIэщIэкIри, щхьэгъубжэм дэлъэтыкIауэ арат...

КъэпщытакIуэм ищIэртэкъэ кхъухьлъатэхэр езыр-езыру щхьэгъубжэмкIэ зэрыдэмылъэтыр, ауэ зишыIэри, IэщIэлъ планерыр еджакIуэм хуишиящ:

– Мэт, сыгъэлъагъут зэрыбгъэлъатэр!

КъэпщытакIуэм апхуэдизкIэ игу ирихьат Гагарин и кхъухьлъатэр зэриутIыпщри, езыми щэ-плIэ игъэлъэтащ.

Абы щыгъуэ къэпщытакIуэ бзаджэм дэнэ щищIэнт и губжьыр щхьэщызыха щIалэ цIыкIур хьэршым зэрылъэтэнур, «Гагарин и гуфIэкIэр» жаIэу дуней псом цIэрыIуэ зэрыщыхъунур.

*ЗэзыдзэкIар*
**ФЫРЭ Анфисэщ**



ХЬЭТУ Петр

# ГЪАТХЭ ТЕПЛЪЭГЪУЭХЭР

Нэхъыбэрэ дунейм утетыху абы и дахагъэр псэкIэ зыхэпщIэурэ нэхъ щIэщыгъуэ пщыхъу хуэдэщ. Уэзрыхуэсакъыным и ужь уитщ…

Гъатхэ мэзым апхуэдизкIэ уи псэр щотыншри, занщIэу къыбгуроIуэ бзухэр мычэму щIэушэр, хьэндырабгъуэ зэмыфэгъухэм, бжьэхэм, щIыбжьэхэм, гъудэбадзэхэм «нэжэгужэу» къыщIалъэтыхьыр, хъумпIэцIэдж, цIыв лIэужьыгъуэхэм темыпыIэу къыщIажыхьыр…

Бзу къэскIэ езым и къалэн иIэжщ. Мэзым щыхъыбарегъащIэщ бгъэмопэр (зарянка). Пщэдджыжьым пшэплъ къищIу зэрыщIидзар яхуеIуатэ. КъуанщIэ, бжэндэхъухэми ауэ сытми я щIыпIэжь къагъэзэжауэ аракъым – гъатхэр дамэкIэ къыздахьащ. Уэгунэбзури уэрэджыIакIуэ къудейкъым, абы псэ зыIут губгъуэрысхэр, сыхьэтым и уэзджынэм хуэдэу, къызэщIегъэушэ, махуэ псом ящIэ-ялэжьым нэжэгужагъэ хелъхьэ, езы губгъуэрысхэри, замыщIэжу, абы къыдожьу…

Пщэдджыжьым мэзым и радиоантеннэр иIэтауэ хъыбархэр иригъэтх нэхъей, уэздыгъей лъагэшхуэм и щхьэкIэ дыдэм къанжэр къытесщ. Зытэлай дэкIынщи, къанжэм а хъыбархэр «кIэкIэ» ирихьэжьэнщ, и кIакIэ макъым дуней псор зэлъигъэIэсу.

Дэтхэнэ хьэкIэкхъуэкIэми дунейм тетыху, мыгъуэщэн щхьэкIэ, зрикIуэ гъуэгум дамыгъэ трещIэ – езым и лъагъуэ хешыж. ЦIыхухэми ар ящIапхъэт, ауэ куэдым къащогъупщэ. Зи гъуэгуанэм тегъуэщыкIыр – мэкIуэдыж.

Зоопаркым укIуамэ, хъарым ис хьэкIэкхъуэкIэхэм уэ уоплъ, езыхэм уакъыфIэмыIуэхуу; мэзым ущIэтмэ, абыхэм гу ялъумытэ щIыкIэ, укъалъагъури, езыхэр къоплъ. Я хъарым уихуауэраци, сакъ!

Жьы щIыIэр уащхъуэдэмыщхъуэу къыкъуэури – гъатхэм зигъэпщкIуащ, нэщIэпкIэм и нэщIэпкIалъэм зэрызриудыгъуэм хуэдэу. Мэзми и пщампIэр иIэту и пыIэр къорикъуха нэхъей, щэху, зэхэуфа хъуащ – зы бадзэ блэлъэткъым…

ЩIыIэм игъэдия хьэндырабгъуэр уи Iэгум ибгъэтIысхьэмэ, тIэкIу зэрыхуабэу къопIэтIауэ – и псэр къыхохьэж. Уи Iэм и хуабагъыр зыхуэныкъуэм зыхебгъэщIэныр гухэхъуэшхуэщ, уэ езыр сэбэп ухъуу дунейм уззрытетым ущогуфIыкI.

УэздыгъеитI зэгъунэгъуу щытщи – тIури зэщхьыркъабзэщ. Ауэ зым и лъабжьэм щIэлъ уэсым шыкIуртIым IункIахуэр тезу тельщ, адрейм ауэ зы закъуи гъуэщауэ телъкъым. Зы жыгым пытыр яшхыу, адрейм ейр Iумпэм кIэпхъхэм щхьэ ящIа? ШыкIуртIымхэми, мыIэрысэм хуэдэу, IэфIи, мыIэфIи яхэт? Ар кIэпхъхэм къызэращIэр гъэщIэгъуэнкъэ…

Уафэм бзухэр щитым и деж, дунейм и псэр къыхохьэж. Гъатхэ бзухэр уэгум щокIий, щIым къопсалъэ. ЩIылъэми и Iыхьэ къигъанэркъым: макъ жьгъырукIэ бзу ушэхэм япэджэж уфIощI – а зэщIэжьыуэ макъамэр апхуэдизкIэ гурыхьщи, цIыхури игукIэ гъатхэм дожьу.

*Мы тхыгъэм къыхэгъэща хьэрфхэр зэкIэлъыфхьмэ, зы гъатхэ нэщэнэ фыкъеджэнущ.*

# Къуалэбзум я махуэшхуэр догъэлъапIэ

«Псори сщIэну сыхуейщ» зэпеуэм хэт еджакIуэхэм ящIа бзугъашхэхэм феплъ. Ахэр, дауи, сабийм я закъуэ яхуэщIынутэкъым, – я нэхъыжьхэр къадэIэпыкъуащ. Апхуэдэ Iуэхум унагъуэм исхэр зэрешалIэ. Ар сытым хуэдэу щхьэпэ!

Бзухэм гулъытэ хуащIу мы лэжьыгъэхэр зыгъэхьэзыра псоми пщIэрэ щIыхьрэ яхуэфащэщ. Афэрым!

**_БЕКЪАН Масирэт_**



БатI Идар,
Сэрмакъ къу.,
СОШ 2-нэ, 3-нэ кл.





Iэлъэсчыр Тамерлан,
Сэрмакъ къу.,
СОШ 2-нэ, 3-нэ кл.





Къэрмокъуэ Даринэ,
Зеикъуэ къу.,
СОШ 1-нэ, 4-нэ кл.



Мэкъуауэ Марат,
Налшык къ.,
лицей 2-нэ, 3-нэ кл.







Зэрэкъуш Кристинэ,
Бахъсэнёнок къу., курыт
еджапIэ 3-нэ, 3-нэ кл.





Жанджэрий Аделинэ,
Бахъсэнёнок къу., курыт
еджапIэ 3-нэ, 2-нэ кл.

Адыгэ лъэпкъыр къызэрыунэхурэ бжьэ гъэхъуныр и Iэщlагъэ дахэщ, хъеррэ фlыгъуэрэ пылъу. Ауэ! Дызыгъэгузавэ Iуэху щыIэщ. Бжьэр зыгъэбагъуэ бжьахъуэхэр кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. «Бжьэр кIуэдыжмэ дунейри къутэжынущ», – жаIэрей хъуащ цIыхум.

Еджакlуэ цIыкIухэ, адыгэбжьэ къигъэхъуащ ди лъэпкъым, бжьэгъажэ ищIым, нэхъ лъэрыхьыр къыхихыурэ. Абы «кавказыбжьэкIэ» йоджэ. Ар пIащэкъым, цIыкIущ, Iэсэщ, лэжьакIуэшхуэщ.

IэщIагъэ дахэр фэ къывдэщIэрэщIэжыну дыфщыгугъыу ди гулъытэ лъыдогъэс бжьэм!

# БАДЗЭМРЭ БЖЬЭМРЭ

Нанэ йоупщI и къуэрылъху цIыкIухэм:

– Фэ зэгуэр флъэгъуа губгъуэм бэхуцей къуэлэн щыгърэ гуфIэу къижыхьу?

– Уеи, жыпIэфатэм, нанэ! Дауэ губгъуэм къызэрижыхьынур?! Ари бэхуцей щыгъыу.

– ИкIи гуфIэу, хьэ-хьэхь, – мэдыхьэшх сабийхэр.

– Флъэгъуакъым. АтIэ, си псэр зышхынхэ, фигу къабзэ цIыкIухэм быдэу ивубыди вгъэбыдэж иджыпсту вжесIэнур. Дунейр зэрыплъагъур абы узэреплъ нэрщ. УнэфIэгуфIэ? – ар дахэщ, фIыщ. Унэщхъыцэ? – ар фIейщ, Iейщ. АтIэ, иджы фи нэгу къыщIэвгъэхьэ: губгъуэшхуэр зэмыфэгъуу зэщIэгъэгъарэ хужьу, плъыжьу, гъуэжьу, щIыхуу. Абы я щхьэфэм щхьэхьу жьыбгъэр ирижэрэ зэ зымкIэ, зэ адреймкIэ удзхэр трилъащIэ-къиIэтыжу губгъуэм къыщижыхьу. А жьыбгъэм гъэгъа цIыкIухэм мэ IэфIу къапихыр-щэ! Губгъуэр къыпхуэгуфIэу къыпщегъэхъу. АтIэ абдежым хьэндырабгъуэхэри щолъатэ, бжьэ цIыкIухэри щолажьэ: гъэгъам фо къыпах. Псори матхъэ, мэгуфIэ. Ауэ!.. – нанэ и псалъэр зэпегъэу, цIутI жимыIэу йоIэбыхри джэдум йодэхащIэ, итIанэ и цызэрыхъэр къещтэ.

– Нанэ, Iэу! Сыту уи хьэл уэ нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэм узэрынэсу зэпыбудыну. Сыт «ауэр?» – къуэрылъху нэхъыжьыр къотхъутхъукI, дапщэщи хуэдэу. Нанэ ар ещIэ.

– А-аа, къэхъуари? – пещэж гуфIэу. – Арыххэу, къыздикIари-къыздихуари ямыщIэу, зы бадзэ фIыцIэ къолъатэ а губгъуэм, нэщхъыцэ хъужауэ. Тхьэмпэ гуэрым тотIысхьэри губжьауэ зеплъыхь. Абы зы бжьэщIэ цIыкIу къыбгъэдолъатэр аби, зэрыгъэсар пщIэуэ, къоупщI:

– Къысхуэгъэгъу, тхьэм щхьэкIэ. AIуудз хужьыр къыщыкIыр умыщIэу пIэрэ?

– Сыт aIуудз?! Уи удз си лажьэ сэ! СщIэркъым! – губжьауэ пегъэз бадзэм.

– Ар дауэ? – и нэ цIыкIухэр егъэупIэрапIэ бжьэм, – мы губгъуэм къыщыкIыу къызжаIати...

– Сэ мыбдей гъэгъа лъэпкъ щыслъэгъуакъым, – ауэ... мы губгъуэм аткIэ зы кIэнауэ телъыджэ щыIэщи-и-и!.. Ар зыкIэ фIейщ, гурыхьщи! ФIыгъуэу абы дэмылъ щымыIэ, шхахуи-хъуахуи, банкI нэщIи! Сырэ зэрыта птулъкIэхэр-щэ, о-ооу!



А тӀум зэжраӀэр зэхэзыха бжьэ балигъыми и щхьэр гъэгъам къыхигъэжауэ къоплъэ. ЕгъэщӀагъуэ:

– Сэ илъэс дапщэ хъуауэ мы губгъуэм сыкъэлъатэрэ. ИтӀани слъэгъуакъым а уэ зи гугъу пщӀы кӀэнауэр. Удз гъэгъахэращ сцӀыхур.

– Мис аращ, си шыр цӀыкӀухэ, вжесӀэну сызыхуеяр, – еух нанэ и хъыбар кӀэщӀыр. – Бадзэ тхьэмыщкӀэм гу зылъитэри и нэм илъагъури фӀеймрэ Ӏеймрэщ. Ар езыр зэи сэбэп хъуфынукъым, зэраныгъэ къихьынуращ. Бжьэ цӀыкӀум гъэгъауэ хъуар ецӀыху, емышыжу лажьэурэ абы фо хущхъуэ къапех. Фом нэхъ дахи нэхъ ӀэфӀи сыт щыӀэ! ЦӀыхухэри апхуэдэ дыдэу лӀэужьыгъуитӀу егуэш. Бадзэ фӀыцӀэм хуэдэ фымыхъуу бжьэ гъуэжь дахэр фи щапхъэу тхьэм фыкъигъэхъу, фо хьэуэу зи насыпыр къихъуэнхэ!

*Зытхыжар*
***АБРОКЪУЭ Беллэщ***

***Фо нэхъ хущхъуэ щыӀэкъым. Фор щызэхуахьэс щӀыпӀэм, зэманым, къызыпах къэкӀыгъэм елъытауэ зэщхьэщедз.***

## Фо лӀэужьыгъуэхэр

**Накъыгъэ фо** (майский мёд). Накъыгъэ фор къыпах дзэлым (ива), екӀэпцӀэм (ольха), зэм(кизил), къэрабэм(одуванчик),чыпцӀэщхьэпэм (черемуха), губгъуэмэракӀуэм (земляника), санэм (смородина).

**МэкъупӀэ фо** (луговой мёд). МэкъупӀэ фор къыпах: бжэнтхьэхум (василек), джэдгыным (чабрец), хьэжыкӀэм (шалфей), щӀыжьудзым (пустырник), тхьэмпицым (клевер), гъуэжьудзым (зверобой), фафӀэгыным (цикорий), тхьэкӀищым (люцерна).

**Мэз фо** (лесной мёд). Мэз фор къыпах: хьэцыбанэм(шиповник), зэрыджэм (калина), бзиихум (липа), мамкъутым (малина), мэракӀуапцӀэм (ежевика), кӀарцым (акация), джэдгъалӀэм (паслён).

**Губгъуэ фо** (полевой мёд). Ар къыпах: къуэнгыным (кориандр), дариихум (эспарцет), дыгъэгъазэм (подсолнечник), тхъуийм (гречиха).

**Къущхьэхъу фо** (горный мед). Ар къыпах джэдгыным (чабрец), хьэцыбаней гъурцым (шиповник), хьэмкӀутӀейм (боярышник), дадийм (душица), ежьужьудзым (чертополох), пыжьейм (терновник), кӀарцым (акация).

***КЪАШЫРГЪЭ Лианэ***

# БЖЬЭ НЭХЪ ЛЪАПIЭ ГЪУДЭБАДЗЭМ ЯХЭТКЪЫМ



## Бжьэр къэрал куэдым я ныпым, гербым тетщ. Апхуэдэпщ!э щ!и!эр сыт?

Бжьэ сурэтыр тетщ герб 300-м нэблагъэм. Ар гуащIэдэкI хьэлэлым и щапхъэщ, берычэтым и нэщэнэщ. Бжьэм фо зэрызэхуахьэсым ирагъапщэу, абы и сурэтымкIэ къыщагъэлъагъуэ щыIэщ къэрал щхьэхуэм и экономикэм и лъэщагъри.



## Бжьэм нитху щ!а!эр сыт?

Бжьэхэм я нэм зэралъагъур пшагъуэущ. Аращ ахэм нитху щIaIэр – ину тIу, нэхъ цIыкIуу щы. Нэ куэд зэраIэм и фIыгъэкIэ, зыхуейр къыхалъагъукIыф.



## Плъыфэхэр псори ялъагъурэ?

Плъыжьыр къахуэлъагъуркъым – ар фIыцIэу къащохъу. Бжьэхэм нэхъ яфIэфIщ щIыхур, удзыфэр, гъуэжьыр – а плъыфэхэр зиIэ удз гъэгъахэм нэхъ тотIысхьэ. ГъэщIэгъуэну, цIыхум и нэм къимыщтэ ультрафиолет бзийхэр абы плъыфэ щхьэхуэу ялъагъу.



## Бжьэр ягъэщакIуэр пэж? Яхуэгъасэрэ?

Телъыджэщ: шынагъуэр зыхэщIэнымкIэ бжьэр хьэм токIуэ. КъэуэнкIэ хъуну лагъымыр абы къащыхуэмыгъуэтыр зэзэмызэххэщ. Гугъур – ар къызэрагъуэтар цIыхум къагурыIуэнырщ. Абыи Iэмал щхьэхуэхэр къыхуагупсыс.



## Фодыгъу яхэткъэ бжьэм?

БжьаIуэм фо къадыгъуну ящымыщ бжьэ къыщыкIуэм и деж хьэщIагъэ ирахыркъым – занщIэу къацIыху, къаухъуреихьри и дамэхэр яуIэ, и лъакъуэхэр щIауд – яукI.



## Бжьэр къоуа иужькӀэ езыр лӀэр пэж?

Бжьэ шэрэзым и пэпцӀапӀэр къэгъэша щӀыкӀэщ. Абы къыхэкӀыуи, ар цӀыхум еуа нэужь, зэуам шэрэзыр къыхухэмычыжурэ, езы бжьэм фэбжь егъуэтри, абы йолӀыкӀыж.



## Бжьэмрэ хьэмрэ мэкӀэ нэхъыфӀыр дэтхэнэра?

Псэущхьэхэм ящыщу мэкӀэ нэхъ лъэщу ябжыр хьэращ. Мэ къыщӀезыгъэхьэ рецептору абы 300-м нэс иӀэщ. АтӀэ бжьэр мэкӀэ нэхъ лъэщыжщ. Абы километр бжыгъэкӀэ зыпэӀэщӀэ гъэгъам и мэр къыщӀехьэ. Фо килограмм къудей зэхуихьэсын папщӀэ бжьэр тотӀысхьэ гъэгъа мелуани 10-м хуэдизым.



## Сытым и деж бжьэр къыщыфэр?

Фояпхъэ бэв къызыпыкӀын гъэгъа щӀыпӀэ зэрыхуэзэу бжьэм бжьаӀуэм къегъэзэж, адрейхэми хъыбар яригъэщӀэну. Ар «къафэкӀэ» ягурегъаӀуэ: бжьэ матэм щхьэщолъатэри, и ныбэр игъэхъейуэрэ, нэшэкъашэу къофэ. Набдзэгубдзаплъэу укӀэлъыплъмэ, бжьэм и «къафэбзэм» къыхэплъагъукӀыфынущ 8 бжыгъэм и сурэт. КъыщыфэкӀэ ищӀ къэгъэзэриудэ хуабжьагъымкӀэ – щӀыпӀэм и жыжьагъыр.



## Бжьэр фӀыуэ щӀалъагъур фо зэрищӀ закъуэра?

Бжьэм лъакъуэхь фо зэращӀым къыщынэмыщӀауэ, икъукӀэ сэбэп мэхъу гъэгъам лъхуадэ сабэ зэрытрагъэлъалъэмкӀи. Бжьэм теухуа псори фӀэгъэщӀэгъуэну къехутэ абы ехьэлӀа щӀэныгъэщӀэм: апиологиекӀэ зэджэм. А щӀэныгъэм иджыри зиужьынущ.



## Бжьэм теухуа сурэ къурӀэным ит?

Итщ. КъурӀэн лъапӀэм гъэгъа зэмыфэгъухэм псы Ӏэфӏ къапызых бжьэм и гугъу щещӀ 62-63-нэ сурэхэм.

*Зыгъэхьэзырар*
***НАФӀЭДЗ Мухьэмэдщ***

# Бжьэ зыдэс фо дещӀэ

***ШАЩӀЭ Мухьэмэд** илъэс тӀощӀым щӀигъуауэ бжьэ гъэхъуным хэтщ. Мы къыдэкӀыгъуэм а бжьахъуэр куэдым къытхутепсэлъыхьащ.*




## «И АДЭ И КЪУЭЩ»

Сэ бжьэ гъэхъуныращ си Ӏэщӏагъэ хъуар. Адыгэм псалъафэ диӀэщ: «И адэ и къуэщ» – жиӀэу. Си адэр бжьахъуэу щытащ. Зэкъуэшиплӏ дриӀэти жьы щыхъум къыдэупщӀащ: «Хэт бжьэ гъэхъуным дихьэхыр?» Си къуэшищым ядакъым, къызилъысари а Ӏуэхур фӀыуэ зылъэгъуари сэращ. Бжьэ гъэхъунып сигу пымыкӀыу иджыри къэс сыхуэлэжьащ, бжьэ матэ 17-р 48-м нэс згъэбэгъуэху.

## БЖЬАХЪУЭ

Бжьэ гъэхъуным и хъер плъагъуну ухуеймэ, цӀыху бэшэчу, лэжьыгъэм уигури уи псэри хыхьэу ущытын хуейщ. Ирегъэмахуэ, ирещӀымахуэ, бжьахъуэм лэжьыгъэр ди куэдщ. ГъэмахуэкӀэрэ бжьэхэр щылэжьэну щӀыпӀэхэм тшэуэрэ бжьаӀуэхэр догъэув. Жыгхэм, къэкӀыгъэхэм хущхъуэ тезыкӀэ агрономхэм допсэлъылӀэ, бжьэхэм хущхъуэмэ къащӀихьэу зэрымылэжьэнур къыдолъытэри. Бжьыхьэм бжьэ матэхэр догъэкъабзэри догъэувыж. ЩӀымахуэм безынэ зыращӀэ рамэхэр зыхуей худогъазэ.

## БЖЬАӀУЭМ ЩЫПАШЭР ЦӀЫХУРАКЪЫМ – БЖЬЭРАЩ

Бжьэр цӀыхуракъым зыхуэлажьэр, атӀэ и щхьэщ. Арами, дэ гущӀэгъуншэу абы и щхьэ хуигъэтӀылъ фо тӀэкӀухэр «къафӀыдодыгъу». Бжьэр езыр къосэнукъым, илъэс дапщэкӀэ ухэмытми, сыт хуумыщӀэми. Абы езым и псэукӀэ-лэжьэкӀэ хабзэм утехуэн хуейщ. Бжьэм къыгурыӀуэр мэм и «бзэрщ», узэрыгурыӀуэнур уи ӀэбэкӀэрщ. Щабэу умыӀэбэмэ, ар занщӀэу къоуэнущ, зыр зэуам къыкӀэрих мэм къишэнурэ, адрейхэри къоуэнущ. Бжьэм мэ къыпкӀэрихыу уахыхьэу ядэнукъым, дыху сабын дыдэр я «хьэрэмщ». Уи щхьэцыр утӀыпщамэ, уӀэбэкӀэмыщӀэмэ, къоуэнущ. БжьаӀуэм щыпашэр цӀыхуракъым – бжьэращ.

## БЖЬЭМ Я БЖЫГЪЭР, Я НЫБЖЬЫР

Матэм бжьэ лэжьакIуэхэр мин бжыгъэкIэ исщ, бжьэпщыр я пашэу. БжьапцIэм я бжыгъэр щэрэ никъуэм фIэбгъэкI хъунукъым, ахэр лажьэкъым, шхэуэ аращи. Гъатхэм е гъэмахуэм къраша бжьэм лэжьыгъэшхуэ зэрагъэкIуэкI, абы къыхэкIкIэ куэдрэ псэукъым (махуэ щэщIрэ тху-плIыщI). Бжьыхьэм къраша бжьэр махуэ щитIкIэ псэуфынущ. Бжьэпщым илъэситху къегъэщI.

## БЖЬЭМ Я ХАБЗЭР ТКIИЙЩ

**Бжьэхэр бынунагъуэ зэгурыIуэм хуэдэу зэкъуэтщ. Абыхэм дэтхэнэми къалэн зырыз яIэщ. Бжьэпщым сагъэ едз, бжьэ бжыгъэр хэщI хъунукъыми. БжьэщIэм япэщIыкIэ матэм къалэн щегъэзащIэ: безынэхэр егъэкъабзэ, бжьэпщымрэ бжьэ кърашагъащIэхэмрэ егъашхэ, бжьэшэ ярет, фо къахьыр зэрегъэзахуэ. И ныбжьыр тхьэмахуитI зэрырикъуу хъумакIуэхэр бжьэ лэжьакIуэ мэхъури фо зэхуахьэсыну мэлъатэ.**

**Бжьэ матэ къэс мэ зырыз яIэщ, ар бжьэхэм япкъми хэтщ. Матэм къыIулъэтэжа бжьэр а мэмкIэ хъумакIуэхэм къацIыхури щIагъэхьэж. Бжьэ тIорысэм, зи къалэн зыхуэмыгъэзащIэм и фор къыIахри, езыр матэм ирамыгъэхьэжу яукI. Апхуэдэ дыдэу я бжьэпщыр ягу иримыхьыжмэ яукI.**

## «IУЛЪХЬЭ»

**Бжьэр и матэм нэмысыжурэ кIыфI къытехъуамэ, уэлбанэм хиубыдамэ, е гъуэщамэ, хамэ матэм Iухьэнкiэ хъунущ. Матэ къэс Iут хъумакIуэ ткIийхэм ямыукIыу фIэкIын щхьэкIэ, бжьэр къызэтоувыIэри и ныбэ цIыкIур къыдэIэтеяуэ мэтIыс. БжьэщIэ цIыкIумэ, иIыгъ фори къыIахыу щIагъэхьэнкIэ хъунущ, бжьэр тIорысэмэ, яукIынущ.**

*Бжьахъуэ **ШАЩIЭ Мухьэмэд** и бжьэ матэхэр ищэжащ... А IэщIагъэр щапхъэ фхуэхъуну дыхуейщ «Нурым» еджэ сабийхэм.*

*Зыгъэхьэзырар*
***КIУРАШЫН Фатимэщ***



Бжьахъуэ ШащIэ Мухьэмэд и къуэрылъхухэрщ: Астемыр, Андемыр, Азнэур

# ПСАЛЪАЛЪЭ

## БЖЬАХЪУЭ

**Бжьахъуэ** – бжьэ гъэхъуныр зи Iэщlагъэ.
**Бжьахъуэ пыlэ** – бжьэм ущызыхъумэ пыlэ, хъар Iулъу.
**Бжьахъуэсэ** – бжьахъуэм фор безым къызэрыдих сэ.

## БЖЬЭ

**Бжьащхъуэ** – адыгэ (кавказ), бжьэ лlэужьыгъуэ Iэсэ цlыкlу.
**Бжьэпщ** – бжьэ быныр къизыша я анэ (матка).
**Бжьапцlэ** – бжьэхъу, мылажьэу бжьэхэм яхэс бжьэшхуэ (трутень).
**Сагъэ** – бжьэпщым идз жылэ (джэдыкlэ).
**Цlынагъэ** – бжьэ джэдыкlэм къриш шыр.
**БжьэIэщын** – бжьэ лэжьакlуэ.
**Бжьэц** – япэу къэпщlа бжьэ бын.
**Бжьэтеж** (лъапцlэ) – етlуанэ къэпщlыгъуэм къытепщlыкla бжьэ бын.

## БЖЬАIУЭ

**БжьаIуэ** – бжьэ матэхэр щагъэув щlыпlэ (пасека).
**Бжьэ матэ** – бжьэхэр щылажьэ, щыпсэу унэ.
**ХьэIупэ** – бжьэхэр матэм къызэрыдэкl гъуанэ.

## БЕЗ

**Бжьэшэ** – бжьэпщым и шэ (маточное молочко).
**Без** – бжьэхэм жылэ щагъэтlылъ напlэ (соты).
**Безынэ** – безым иlэ напlэ (сотовая ячейка).
**Утхэ** – къэкlыгъэм бжьэм къыпих ткlуаткlуэ (нектар).
**Лъакъуэхь (лъхуадэ сабэ)** – бжьэм гъагъэм къапих сабэ (пыльца).
**Тlатlий** – шхэпсым хуэдэу тlатlэу бжьэм ящl пкъыгъуэ (прополис).
**Шэху** – бжьэхэм безынэхэр зэрагъэбыдэ щхьэфэ хужь.

## ФО

**Фо хьэкlуэ** – безым дэлъ фо Iыхьэ.
**ФопIытI** – фо зэрыщlаху Iэмэпсымэ.
**Фо цlынэ** – фо щlэхуагъащlэ.
**Фо хугу** – хугу хьэдзэм хуэдэу фор щызэрыубыд.
**Фо мыл** – быдэу жа фоужь.
**ФощIэж** – фо хьэкlуэм къыщlэжа ткlуаткlуэ.

*А. Б.*

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ

## «БЗУ» Iыхьэ

***УпщIэхэр:***

**1.** Къебэ-небзу «уакъ-уакъ». **2.** Адыгэ псалъэжьым зэрыжиIэмкIэ, пхуэмыгъасэ мэз бзу. **3.** Унэ бжэIупэм щынацIэрыфэу, сабэм «зыхэзыгъапскIэ» бзу. **4.** Хъыджэбз пщэху дахэм ирагъэщхь; пощтзехьэщ, мэш игъэкIуэдуи хужаIэ. **5.** Макъ зэмыщхь куэдкIэ дахэу ушэ бзу; абгъуэ ищIыну и жагъуэщи, школакIуэхэм пхъэ унэ хуащI. **6.** ЖылэгъапцIэ бзу. **7.** *«Бжьэ» Iыхьэм щызэшу, «Бзу» Iыхьэм игъуэща; бжьэ быным яхэт щхьэхынэ, мылажьэу яфIэшхэ.* **8.** Губгъуэрысхэр къэзыгъэушу, уафэм «кIэрыщIауэ» ушэ бзу. **9.** Бжьэхэр, хьэдзыгъуанэхэр зи шхыныгъуэ бзу.



***Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ гъатхэм пасэу къежьэ бзухэм ящыщу акIэ зытет уэгунэбзу лIэужьыгъуэм зэреджэм.***



## «БЖЬЭ» Iыхьэ

***УпщIэхэр:***

**1.** Бжьэхэм фо щызэхуахьэсу, плIанэпихыу зэхэлъ напIэ цIыкIу. **2.** Бжьэ «Президент». **3.** Бжьэхэр зэрыдзэкъауэ «мыжурэпэ». **4.** Гъэм и лъэхъэнэ, дунейм и щIэрэщIэгъуэ. **5.** Бжьэ матэхэр щаIыгъ пщыIэ. **6.** *«Бзу» Iыхьэм хэмызагъэу, «Бжьэ» Iыхьэм иджэда, зи мыIуэху зезыхуэ бзу кIакIэрей; дыгъуэрабз.* **7.** Бжьэ бын; бжьэм къуацэкIэ уахэуэмэ, я зэрызехьэм зэреджэр.

***Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ бжьэ къэпщIыгъуэ зэманым зэреджэм.***

◆ ***Жэуапхэм пэмылъэщыр мы хъуржыным щырелъыхъуэ.***

**«Бзу» Iыхьэ:** *уэгунэбзу, тхьэрыкъуэ, бжьапцIэ, бабыщ, щунэф, бзухьэгуагуэ, бзуужь, кIыгугу, бжэндэхъу, мэзджэд.*

**«Бжьэ» Iыхьэ:** *къанжэ, бжьаIуэ, шэрэз, бжьэц, гъатхэ, бжьэгъажэ, бжьэпщ, безынэ.*

Зыгъэхьэзырар
***ШЭРДЖЭС Дэбагъуэщ***



Бэгъуэт Самирэ, 31-нэ курыт еджапІэ, Налшык къ.



ДыщэкІ ДжэбрэІил, 5-нэ кл., СОШ 2-нэ, Налшык къ.



Мату Алинэ, 3-нэ кл., 4-нэ гимназие, Налшык къ.



Гадзаева Райяна, 3-нэ кл., 31-нэ курыт еджапІэ, Налшык къ.



Борсэ Алинэ, 3-нэ кл., 4-нэ гимназие, Налшык къ.



Шащlэ Астемыр, 1-нэ кл., 4-нэ гимназие, Налшык къ.


НУР

*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ*
**«НУР»**

Издается
С 1 января 1982 года
№ 4 2019 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редатор
***П. ХАТУЕВ***

Редакционный совет:
***Х. КАРМОКОВ***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Корректор
***Ф. КУРАШИНОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Журнал зарегистрирован в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по Кабардино-Балкарской Республике. Рег. ПИ № ТУ07-00125 от 11.01. 2018 г.

Подписано к печати
04.04. 2019 г.
Выход в свет 26.04.2019 г.

Формат 60х90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл. печ. л. 2
Усл. кр.- отт 8
Уч.- изд.л. 2,7

Тираж 2160 экз.
Заказ № 263
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 14,63 руб.; за 6 мес.– 87,78 руб.



Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.



Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.